



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN KA KE OU TE RATE LI: ATIK OPINYON GOUVÈNÈ HOCHUL USA TODAY:
TIMOUN YO DWE CHAPE ANBA ALGORIT LA. GEN YON ENTÈDIKSYON
TELEFÒN KI FÈ SA.**

Jodi a, USA Today Network pibliye yon atik opinyon pa Gouvènè Kathy Hochul sou angajman li antanke premye Manman Gouvènè Nouyòk pou goumen pou timoun nou yo, ki gen ladan entèdiksyon telefòn selilè li ki pi enpòtan nan peyi a, jiska travay li nan konbat algorit medya sosyal ki kreye depandans ak konbat menas IA (entèlijans atifisyèl) yo tèt pou tèt. [Ou kapab wè tèks atik opinyon an sou entènèt](#) epi li disponib anba a:

Avèk ane lekòl la ki pral fini byen vit, anpil paran pral byento ranplase batay chak jou pou fè pitit yo soti lekòl ak batay pou retire atansyon yo sou telefòn. Telefòn entelijan ak medya sosyal yo gen yon gwo enfliyans sou pitit nou yo. Yo pase plizyè èdtan chak jou sou telefòn yo, ap defile olye pou yo sosyalize, yo plonje nan videyo yon lòt moun olye pou yo viv pwòp lavi pa yo. Epi li genyen konsekans. Timoun nou yo pi poukont yo, yo gen plis enkyetid, epi yo de pli zan pli dekonekte.

Nou nan mitan yon kriz sante mantal jèn yo. Rechèch la montre sa, men mwen pa bezwen yon lòt rapò syantifik — mwen te tandè pale de paran, pwofesè ak adolesan toupatou nan eta sa a sou pwoblèm nan. Epi tout kote m ale, mwen tandè menm bagay la: teknoloji adiktif ap fè timoun nou yo mal.

Antanke premye manman gouvènè Nouyòk, sa pèsònèl pou mwen. Mwen elve adolesan. Mwen konnen enpisans yon paran santi lè pitit li ap soufri. Se pi move santiman nan mond lan. Kidonk, mwen te konnen nou te dwe fè yon bagay pou sa.

Mwen pa moun ki renmen mwatye mezi. Mwen p ap chita bwa kwaze ap pale de pwoblèm nan. Mwen pral pran mezi.

Ane pase a, mwen te pran yon mezi solid ak desizif pou limite algorit adiktif ki te monopolize fliks medya sosyal timoun nou yo. Se pa t pou di adolesan nou yo ke yo pa ka itilize medya sosyal. Li te pou di konpayi medya sosyal yo, nou pa ka fè pwofi nan detriman byennèt timoun nou yo.

Men, medya sosyal yo se pa sèl menas la. Nan mond sa a k ap avanse rapidman, kote teknoloji a ap dirije l, teknoloji san kontwòl ki mache ak IA ap kreye nouvo risk, soti nan wobo tchat ki fonksyone ak IA ki simile relasyon pèsònèl rive nan aplikasyon trike ki pwodui imaj eksplisit minè yo.

Nou te wè konsekans trajik inaksyon ane pase a lè yon [ti gason 14 an te mouri pa swisid](#) apre li te devlope yon relasyon malsen ak yon Konpayon IA. Epi nou te wè tou yon ogmantasyon twoublan nan aplikasyon ak sit entènèt "dezabiyaj" ki fonksyone ak IA pou kreye fo imaj toutouni timoun reyèl, souvan vize tifi adolesan – nan premye mwatye 2024 la sèlman, [yo te vizite 16 nan sit entènèt sa yo plis pase 200 milyon fwa](#).

Bidjè eta mwen an abòde menas dijital sa yo dirèkteman. Li etabli premye pwoteksyon nan peyi a pou konpayon ki itilize IA — li egzije pou operatè konpayon ki itilize IA nan Nouyòk aplike yon pwotokòl sekirite si yon itilizatè pale de oto-mitilasyon, tankou refere itilizatè yo bay yon liy dirèk pou kriz. Epi m ap mete lalwa nou yo ajou pou trete materyèl abi seksyèl sou timoun ki se kreyasyon AI jan li ye a: pònografi timoun.

Men, medya sosyal ak sit entènèt ki pwodui ak IA se sèlman kèk pati nan kastèt la. Ki mwayen ki pèmèt timoun yo gen platfòm sa yo domine lavi yo? Se pa sèlman sa ki sou ekran an ki enpòtan, se lefèt ke ekran an toujou la. Vibre nan pòch timoun nou yo, ap limen sou biwo yo, ap swiv yo soti nan salklas rive nan kafeterya a.

Sa gen konsekans ki dire lontan: Sal klas kote timoun yo chita an silans. Koulwa san dialoge. Tab dejene yo plen ak elèv k ap voye mesaj youn bay lòt olye yo pale fasafas. Lè adolesan yo pase yon ka nan jounen lekòl la sou telefòn yo, yo rate devlopman sosyal esansyèl ki fòme yo pou yo vin granmoun konpetan e ki gen konfyans nan tèt yo.

Epi presyon pou rete sou entènèt la pa janm sispann. Yon elèv te di m, "ou dwe sove nou kont tèt nou. Nou pa ka depoze telefòn sa yo paske nou ak dekonekte. Nou pral rate yon bagay."

Se poutèt sa, apati otòn sa a, m ap pran yon lòt gwo pa pou m rebay timoun nou yo anfans yo epi m ap [entèdi telefòn selilè nan salklas yo, soti nan premye rive nan dènye son klòch la](#). Men poukisa: jèn nou yo reyisi lè y ap aprann epi grandi, pa lè y ap klike epi defile.

Reflech sou sa — nou pa anseye timoun yo fè zanmi lè nou montre yo 100 videyo sou entènèt sou amitye. Nou mennen yo nan lakou rekreyasyon an. Nou pa montre yo kijan pou yo lanse yon boul bezbòl sou YouTube. Nou jwe boul avèk yo.

Nou bezwen fè timoun nou yo retounen nan lavi reyèl la.

Ann retounen nan tan lontan, lè nou tout pa chita andedan kay la, lè nou pa te rete kaptif devan telefòn nou yo. Se lespri sa a ki dèyè inisyativ mwen an "Dekonekte sou Entènèt, Soti" (Get Offline, Get Outside).

M ap envesti nan konstwi ak renovasyon sant kominotè, lakou rekreyasyon, ak pisin pou bay timoun nou yo kote pou yo jwi lwazi ak aktivite deyò. M ap elaji pwogram pou jèn yo yon fason sinifikatif tou, m ap ede plizyè dizèn milye lòt timoun rantre nan ekip foutbòl lokal oubyen patisipe nan yon pwogram teyat kominotè. Epi Pwogram Travay pou Jèn pandan Ete (Summer Youth Employment Program) nou an ap ede plizyè dizèn milye jèn moun jwenn bon travay pandan ete nan kote tankou pak, kan ete, sant kiltirèl, ak òganizasyon kominotè yo.

Mwen p'ap janm sispann goumen pou avni pitit nou yo. Paske fanmi ou se batay mwen. Mwen te di sa depi premye jou a, epi mwen vle di l menm jan an jodi a.

Ete a rive. Ann dekonekte sou entènèt epi ann soti.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)